# НУР

ISSN 0207-6551
3
2022
6+



## Редакторым и псалъэ

ЦIыкIухэ, гъатхэпэ мазэщ! Дунейр къоуш, бзухэр мэушэ, псыхъуэр мэхъущIэ, щIэжьейхэр къожьэ, дызэжьари къос!

Мы къыдэкIыгъуэм: хъыджэбз цIыкIухэм ди махуэшхуэм зыхудогъафIэ, зыдогъэдахэ, дэкIуну плъыфэхэр зыдогъащIэ: Модэр мадэ, ар зыхуэдэр дэращ!

*IуэрыIуатэ*

# Хъыджэбз цIыкIум дохъуэхъу

**Къытхэхъуа цIыкIур:**

**Къарэкъатинэу*,**
**БэрэтIинагъуэу*,**
**Данагъуэ* Iупэу,**
**Щхьэцыпэ дыкъуакъуэу,**
**Шэнтым тесмэ, тхьэрыкъуэу,**
**Зиукъуэдиймэ, аслъэну,**
**Аслъэн сокур* и щхьэцу,**
**Хьэл-щэныфIэу,**
**ФIыгъуэ натIэу,**
**НасыпыфIэу къэхъуну!**

**... Ди пщащэ цIыкIум**

**Зы жэщым щIакIуапхъэр ищIыфу,**
**ФIэмыфIми Iуэху игъэтIысу,**
**Унэ нысэу хэку къыщIэупщIэу,**
**УпщIэж зрахьэлIэу тхуэIущу,**
**И Iэщlагъэр цIэрыIуэу яIуатэу,**
**Уэтэртесым* я ежьэмыгъуу*,**
**Жагъуэгъубэу,**
**Ямыубыфу,**
**Фо пIытIу, бзэ IэфIу,**
**ФIыгъуэр и натIэу,**
**НатIэхур и шэхуафэу,**
**Фэуэ тетыр нэгъухуу,**
**Напэ хужь дыхьэрэну*,**
**И нитIыр нагъуэу,**
**Щхьэцыгъуэ цIынэу,**
**Унагъуэкlэ шэрыуэу,**
**Уэгум итым бзыпхъэ трихыу,**
**Хъарбыз ныкъуэхъуу Iупэплъу,**
**Дарий хьэплъыфэр* и джанэу,**
**Дарий джанэкIэр хуэщхъуэшэу*,**
**ПсыIэрышэ цIыкIуу макъыщIэу,**
**ЛIыфI натIэ ар хъуну дохъуахъуэ!**





** Къарэкъатинэ – дахэ.*
** БэрэтIинагъуэ – мятэ.*
** Данагъуэ – дыщафэ.*
** Соку – пщэц кIыр.*
** Уэтэртес – Iэщыхъуэ пщыIэм тес.*
** Ежьэмыгъу – пхъэидзэ.*
** Дыхьэрэн – плъыжьыфэ.*
** Дарий хьэплъыфэ – тхьэмбылыфэ щэкI.*
** Щхъуэш – щхъуэ дыдэ.*

### Мартым и 8-р цIыхубзхэм я махуэшхуэщ

# Тхыдэм иIуатэр

ЦIыхубзхэм махуэшхуэ хэха яIэ хъуащ 1911 гъэм. Ди къэралми 1914 гъэм щегъэжьауэ ар ягъэлъапIэ гъатхэпэм и 8-м. А махуэшхуэм и пщIэр нэхъ лъагэ хъууэрэ 1965 гъэм зыгъэпсэхугъуэ махуэу къалъытащ. ЦIыхубзхэм тыгъэ хуащI, ягъафIэ, уэрэдхэр хуаус. Апхуэдэ гульытэм ехъуэпса къэралхэми а махуэр ягъэлъапIэу хуожьэри куэдым зэдай мэхъу. Аращ гъатхэпэм и 8-м ди анэхэм, анэшхуэхэм, егъэджакIуэхэм, шыпхъухэм дехъуэхъуурэ щIэдгъэгушхуэр.

## Плъыфи, дамыгъи, хьэл-щэни иIэщ...

Мы махуэшхуэм езым и дамыгъэ иIэжщ. Ар «щIым и шыпхъу» вагъуэбэу адыгэр НэхущвагъуэкIэ (*Венерэ*) зэджэм ейм хуэдэщ.

ЦIыхубзхэм я плъыфэу къэрал куэдым къыхахар, мы махуэм ейуэ къалъытэр шакъафэрщ – захуагъэм, фIагъым я нагъыщэрщ.

... Ауэ инджылызым 1908 гъэм абы гъусэ хуищIащ удзыфэмрэ (*гугъэ*) хужьымрэ (*къабзагъэ*).

1722 гъэм мы махуэ дыдэм Пётр I-м унафэ къыдигъэкIауэ щытащ дунейм и щытыкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъын хуейуэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, цIыхубзхэм я хьэл фэзэхъуэкIыр дунейм и зыхъуэжыкIэм ещхьщ икIи цIыхубз гущIэр къыбгурыIуэн папщIэ унабдзэгубдзаплъэу, ухуэсакъыу абы укIэлъыплъу ущытын хуейщ.





## Хэт дауэ игъэлъапIэрэ?

**Японие.** Гъатхэпэ мазэ псор цIыхубзхэм яй пфIощI, абыхэм махуэшхуищ хуагъэлъапIэри: хъыджэбз цIыкIухэм яйр, къыцэр *(персик)* къыщыгъагъэр, зэрыджэгу гуащэхэм я махуэр. Ещанэр гъэщIэгъуэнщ: тхылъымпIэм къыхащIыкIа гуащэ цIыкIухэр ягъэсмэ е псым хадзэжмэ, я гукъеуэхэмрэ гуауэхэмрэ а тхылъымпIэ гуащэхэм я гъусэу исыну е псым ихьын хуейуэ къалъытэ.

**Индие.** Мы махуэм Холи ящI. Къэралым цIыхуу исыр къофэ, мафIэ ящI, уэрэдхэр жаIэ, зым адрейм лэч зэмыфэгъухэр трекIутэ, зэдоджэгу. Ауэ абы цIыхубзхэм я махуэшхуэр щагъэлъапIэр жэпуэгъуэрщ. Ар махуипщIкIэ йокIуэкI.

**Мадагаскар.** ЦIыхухъухэращ лажьэр мы махуэм, цIыхубзхэм загъэпсэху.

**Чынт** (*Китай*). Унагъуэ ис цIыхубзхэм яфIэфIыщэкъым мы махуэшхуэр, ахэр мылэжьэнуи хуиткъым, «ЦIыхубз лажьэхэм я махуэшхуэ» фIащащи. ИтIани, къэрал унафэу щымытми, гъатхэпэм и 7-р, «Тхьэпэлъытэм я махуэ» фIащауэ, бзылъхугъэ псоми зэдагъэлъапIэ.

**Португалие.** Мы махуэшхуэр зыгъэлъапIэр цIыхубзхэм я закъуэщ, цIыхухъу зыхагъэхьэркъым.

*КЪАМБОТ Марианнэ*



# Бзэ лIыхъужь!

Бзэ къэс дуней псо мэхъу! Фыарэзы, цIыкIухэ?! Фэ зы хамэбзэ зэвгъэщIэхукIэ, абы къыфхузэIуихынущ бзэр зей лъэпкъым и щэху куэд: и хабзэр, и зыхуэпэкIэр, и къафэр, и шхыныгъуэхэр... Ар сытым хуэдэу мылъкушхуэ! Хэти мэхъуапсэ бзэ куэд ищIэну, ауэ ар къызэхъулIэр мащIэ дыдэщ. Дуней псом бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщIэу псэуауэ къалъытам и щэхухэр къэфщIэну фыхуейм?

*Джузеппе Гаспаро Меццофанти! И анэдэлъхубзэм хуэдэу абы бзэуэ 38-рэ ищIэрт, бзэ 50-м хуиту ирипсэлъэфырт.* Джузеппе Италием 1774 гъэм къыщалъхуащ. Зы жэщ закъуэм жьэрыIуатэкIэ ирипсэлъэфу зы бзэ щызэригъэщIа къыхуихуащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, утегушхуэмэ, уерыщмэ, убэшэчмэ Iуэху абрагъуэхэри зэбгъэхъулIэфынущ. Ауэ абыи зы щэху хэлъщ, цIыкIухэ! А Iуэхугъуэм гукIи псэкIи зыхуэпшийуэ ухуэпэбгъэн хуейщ!

## Пхъащ1эурэ бзэ зэригъащIэрт

ЩIалэ цIыкIум и адэр пхъащIэти ар хуейт езым и лъэужьым и къуэри ирикIуэну. «А Iэщ1агъэм зэи уигъэмэжэлIэнукъым», – жиIэри, пасэу абы хуигъэсэн щIидзащ. ПхъащIэ цIыкIум и лъэщапIэ лъэрыгум *(ножной станок)* пэмыжыжьэу дин еджапIэ щыIэт, сабийхэр латиныбзэмрэ пасэрей алыджыбзэмрэ хурагъаджэу. Абыхэм я щхьэгъубжэ щIагъым махуэ псом кIэщIэт щIалэ цIыкIум хуей-хуэмейми зэхихырт дерсым щыжаIэхэр. Ауэрэ, езыр-езыру гу зылъитэжащ, а бзитIымкIи псалъэ щэ бжыгъэхэр къызэрищIам. ПхъащIэр я дерсхэм къызэредаIуэм гу лъитат егъэджакIуэ динырылажьэми. А лIыжьыр щIалэ цIыкIум епсэлъылIэри, абы дин Iэщ1агъэр нэхъ гурыхь зэрыщыхъур къызэрыгурыIуэу и адэм зыхуигъэзащ. Сабий гурыхуэр еджапIэм щIагъэтIысхьащ. Абы и щхьэм куэд ириубыдэфырт. Илъэс 12 щыхъум, 5-нэ классым щIэсу, абы философиер кууэ иджу хуежьащ. ЕджапIэ дерсхэм къадэкIуэу, Джузеппе бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр иджынуи хунэсырт. Илъэс 15-м иту вундеркиндым философиемкIэ диссертацэ лэжьыгъэр пхигъэкIащ. Илъэс 23 ирикъуа нэужь динзехьэу лэжьэну хуит ящIащ.

## Псоми яфlэтелъыджэт!

Апхуэдиз бзэ зэзыгъэщlэфам и хъыбар зэхихри Джордж Гордон Байрон ар игъэунэхуа иужь къэуlэбжьауэ мыр жиlат: «Бзэгъэlурыщlэ телъыджэщ сызыхуэзар! Зы псалъэ нэхъ мыхъуми зыхэсщlыкl бзэуэ хъуамкlэ *(бзэ 20 нэблагъэ ищlэрт)* зыхуэзгъэзати, сыкъигъэуlэбжьу дэтхэнэри ищlэу къыщlэкlащ!».

Меццофанти и цlэр нэхъри дунейм теlуащ 1918 гъэм Болоньем Австрием я пащтыхь Франц-I щыкlуам. Австро-Венгрием лъэпкъыу щыпсэухэм я lыкlуэ зырыз къыхишщ, ириджэри, итlанэ Меццофанти иригъэблэгъащ. Нэмыцэ, чех, поляк, румын, венгр, хорват лъэпкъхэм я lыкlуэхэр щхьэж я бзэкlэ щlалэм епсэлъати, псоми я бзэхэмкlэ жэуап къаритыжащ.

## Ватикан и тхылъ хъумапlэм

Меццофанти тхылъыфlыр зыпищl щыlэтэкъым. Зэгуэр Ватикан и тхылъ хъумапlэшхуэм ар ирагъэблэгъащ. Апхуэдиз тхылъ lущым уахэтыныр сыту насыпышхуэт! Абы и бзэщlэныгъэм махуэ къэскlэ хигъахъуэрт. Илъэс 30 дэкlри, библиотекэ абрагъуэм и хъумакlуэ нэхъыщхьэ хъуащ, а лъэхъэнэ дыдэми – кардинал пыlэ лъапlэр къыхуагъэфэщащ.

Щlэныгъэлl, дин лэжьакlуэ, кардинал Джузеппе Гаспаро Меццофанти дунейм бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщlэу тета цlыхуу къалъытэ.

## Гаспаро и lэмалитхур

Меццофанти и акъылыр къызэрымыкlуэт, дауи. Итlани апхуэдиз щlэныгъэ къызэрехъулlам хэлът lэмал щхьэхуэ гуэрхэр. Ахэр мис:

1. *Псэлъэну укlытакъым зэи.* Хамэбзэ макъхэр зэрыхуейуэ къыхуэмыпсэлъми абы фlэнэхъапэр зэпсалъэмрэ езымрэ *зэгурыlуэнырт.*

2. *Бзэщlэм зэрыщlэдэlуу зэхихар занщlэу къипсэлъыжырт.* Абы щыгъуэм акъылым «щlетхыкl» зэхиха псалъэхэр.

3. *Хамэбзэ тхылъу зэджэм я мыхьэнэрат япэ иригъэщыр.* Пэжырытхэр, псалъэуха ухуэкlэхэр, нагъыщэ гъэувыкlэхэр къыфlэlуэхутэкъым. Тхылъ еджэрейти абы къыгурыlуэрт хамэбзэм и хабзэхэр зыхищlэ зэрыхъур.

4. *Зэригъащlэ бзэм иригупсысэфу зигъасэрт.* Абы къыхуигъуэта lэмалырат: и закъуэ зэрыхъуу махуэм зыхэта псом бзэ зэхуэмыдэхэмкlэ чэзууэрэ егупсысыжырт. Ар сэбэп къыхуэхъурт бзэуэ ищlэр щымыгъупщэнымкlэ, и гупсысэр къигъэбырсеижынымкlэ.

5. *Бзэщlэм зрипщытагъэххэ, – абы къикlуэт иlэжкъым!* Мис ар хьэкъ зыщищlыжат.

ГУГЪУЭТ Заремэ

# ХЬЭРФЖЫГ




## Хьэрфжыгыр таблицэу

| Ж | З | Ь | I | | Ъ | У | Ъу | Iу | Хъ | Хъу |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Дж | Дз | | | Д | | | | | | |
| | | Жь | | Ж | | | | | | |
| | | Хь | | Х | Хъ | Ху | Хъу | | | |
| | | | | Г | Гъ | Гу | Гъу | | | |
| | | | КI | К | Къ | Ку | Къу | КIу | Кхъ | Кхъу |
| | | | ЛI | Л | Лъ | | | | | |
| | | | ПI | П | | | | | | |
| | | | ТI | Т | | | | | | |
| | | | ФI | Ф | | | | | | |
| | | | ЩI | Щ | | | | | | |
| | | | ЦI | Ц | | | | | | |
| | | | | I | | Iу | | | | |

**Ху, хужь**
**(белый)**



**Плъыжь**
**(красный)**



**Щхъуэ**
**(серый)**

**Плъыфэ псалъалъэ**

*Гъатхэпэм и 14-р адыгэ тхыбзэм и махуэшхуэщ*

# Датэвгъаклуэ хьэрф зэгуэтхэм

Мы жыг сурэтым тынш фщищlынущ хьэрф зэгуэтхэм я зэгъэщlэныр. Жыг лъэдийм тет хьэрф закъуэхэм къапкъроклl хьэрф зэгуэтхэр. Ахэр лъэныкъуитlу доклей. Зыр – дыгъафlэ щlыпlэщ, адрейр – дыгъэмыхъуэщ. Дыгъафlэмклэ щылэхэр дыщафэщ, щабэщ, пlытlауэ тlатlэщ, жылэгъуафlэщ; дыгъэмыхъуэмклэ щылэхэр уаем пхъашэ, къурэ ищlащ, жьы клэрахъуэм хъурейуэ ишыхьащ. *(Нэхъ къэпсэлъыгъуейщ, зэм тэмакъым къоlукl, зэм lупэр хъурей ящlу мэlу.)*

Дыгъафlэ макъхэр тlууэ зэгуэувэу аркъудейщ. Дыгъэмыхъуэхэр тlууэ, щыуэ е плlыуэ зэгуоувэ. Таблицэм нэхъ lупщlу щыфлъэгъунущ, плъыфэклэ зэхэгъэклахэщи.

**Гу лъыфтэ!** Хьэрф зэгуэтхэр къызэрыхъу мы lэмалищыр зыщlэр тыншынущ.

1 Хьэрф закъуэм ягуэувэурэ яхъуэж:
Ь-м – щабзэу: Х - ХЬ;
Ъ-м - пхъашэу: К - КЪ;
l-м - пlытlауэ: Т - Тl;
У-м – хъурей хъууэ: Х - ХУ.

2 А хьэрфхэр зэщlыгъуу ягуэувэмэ хьэрф зэгуэт нэхъ гугъуэхэр къохъу: ГЪУ, ХЪУ, КЪУ, КlУ, КХЪ, КХЪУ.

3 Зи гугъу тщlахэм нэмыщl, хьэрфитl зэгуэувэурэ 2 къохъу. Д-м къытохъукl: Д+Ж=ДЖ; Д+З=ДЗ.

### Дыгъафlэм щыфlэрафlэ хьэрфхэр:

Дж, Дз – Джэдум дзыгъуэм зридзри зэридзэу, игъэджэрэзу дэджэгуащ...
Жь, Хь – Пщэдджыжь акъужьыр псэхэлъхьэжщ; Жьым къихьар ихьыжыркъым.
Кl, Лl, Пl, Тl, Фl, Цl, Щl – «Пlытlэ, мо пlастэр шыпсым егъэпщlи нэхъ lэфlщ», – жи лlыжьым. Щlалэ цlыкlум щlыкlейуэ: «Сэ пlащlи, тlатlи, цlыни сфlэфlым!».

### Дыгъэмыхъуэм къыщыхъу хьэрфхэр:

Хъ, Гъ, Къ, Лъ – Гъатхэ-гъатхъэ къэклухьлъакъуэ, къаклуэ, къеблэгъэж!
Ху, Гу, Ку, lу – lуэхум хуэlэижьыр куэду гугъэпсэхущ.
Хъу, Гъу, Къу – Хъуар – мэгъу, гъуар къущщ...
Кlу – Щабэрыкlуэщ си кlущэ.
Кхъ, Кхъу – Кхъужьыпыч клуахэр лажьэурэ къэбэкхъащ.

Зыгъэхьэзырар **АБРОКЪУЭ Беллэщ**



**Щхъуантlэ**
**(зелёный)**



**Къащхъуэ**
**(голубой)**



**Щlыху**
**(синий)**



**Удзыфэ,**
**удзыщlэм и фэ**
**(светло-зелёный)**

*Хъыджэбз цlыкlухэм папщlэ*

# Iэпкълъэпкъ lей щыlэкъым, щыlэр уэмыкlу щыгъынщ

## Уи теплъэр уигу ирихьыжрэ?

Хэт зыфlэдахэщ, хэт зыфlэlейщ, хэт зелэри игу зрохьыж, хэт дохутыр мастэхэмкlэ «зызэрехъуэкlри»... хущlогъуэж. Ауэ! Зэи зыми и пкъыр зэрыхуейуэ хуэхъуэжынукъым. Ар тхьэм къызэрыуитщ. Хэт зэпэхъурейщ е гъурщ, хэт лъакъуэ кlэщlщ е пщэ псыгъуэщ, хэт и фэр хужьщ е къамылыфэщ. Итlани...

Ди адыгэр елlалlэрт сабийм и Iэпкълъэпкъыр дэхэным: гущэм хикъуэзэрт и пкъыр укъуэдияуэ, и лъакъуэ цlыкlухэр lушэ мыхъуну захуэу, и гущапlэ хуэнсапlэр (*матрас*) «бауэу», и щхьэ щlыбыр теупlэщlа мыхъуу. Хъыджэбз цlыкlухэр хэхъуэхукlэ пасэрейм Iэмал куэд къигъэсэбэпырт ар бгы псыгъуэ зэкlужу, лъэтхьэмпэ цlыкlуу къагъэхъуну.



## Зэбгъэкlур ууейщ

Щыгъыным уи Iэпкълъэпкъым и дахапlэр игъэлъагъуэу, абы и дагъуэр щlихъумэу щытын хуейщ. Пщыгъым и сэфэтым (*фасон*), плъыфэхэм, зэгъэкlукlэм теухуауэ интернетым уигъэлъагъу псор уи фlэщ умыщl. Зэщхьу цlыхуитl дунейм теткъым. Уэ езым уи псэм къыхихыращ уи фэм екlунури, дахэ узыщlэхъукlынури. Ауэ гурыгъуазэ къудейр мыхъуу, плъыфэ, сэфэт зэгъэкlукlэм и щэху-хэри пщlэн хуейщи...

## Iэпкълъэпкъ лlэужьыгъуитхур

Зым дахэу екlум адрейр теплъаджэ щlохъукl. Сыт щхьэкlэ? Iэпкълъэпкъхэр зэхуэдэкъыми. Ууейр мы тхум щыщу зэщхьыр пщlэжмэ, уэкlуну сэфэтри къыхэпхынщ. Мис ахэр:

- **Пшахъуэ сыхьэт** – Iэпкълъэпкъ зэкlужщи сыт хуэдэ щыгъынри йокlу, зэгъэкlуауэ щыгъмэ.
- **Щимэ** – спортым хэтхэр, псы есырейхэр плlа-бгъуэ щыхъу щыlэщ. Кlэр плъыфэ гъэнщlауэ (*яркий*), баринэу къыхэх, нэр нэхъ техуэну. Уи плlэр «щlэхъумэ» плъыфэ гъуабжэкlэ, и пщэр къимыхауэ.
- **Плlимэ** – бгы зимыlэу еупсэхам бостейщ нэхъ екlунур, ищхьэмкlэ lуззу, и кlэмкlэ бгъуэуэ, е кlэ кlыхь баринэу.
- **Кхъужь** – ищхьэмкlэ бгъуззщ, ищlагъымкlэ бгъуэщ. Плlэ lуззращ гу зылъегъэтэн хуейр щыгъыным и

| Гъуэ, гъуэжь (жёлтый) | Гъуэплъ (жёлто-красный, медно-красный) | Тхъуэплъ (румяный) | Дыщафэ (золотистый) |
|---|---|---|---|



дахапIэмкIэ: пщампIэ гъэщIэрэщIам, быж е щыгъэ цIугъэнэм, плъыфэ хужьыфэхэм уи Iэпкълъэпкъыр зэкIуж щIохъукI. КIэр гъуабжафэ-фIыцIафэмэ, е быхъуу «щIэуфамэ» нэхъыфIщ.

- **МыIэрысэ** – лы зытелъ, пшэр цIыкIум щыгъын зэв екIунукъым, плIэбыхъу кIыхь (*туникэ*), бостей зэпыдапIэншэщ е зэпыдапIэ лъагэрщ къыхихынур.

## Плъыфэшэрхъ (спектр)

Мы шэрхъым плъыфэу щыIэр, я къэхъукIэр холъагъуэ. Абы зэлъапсэгъу плъыфэхэр щызэкIэлъокIуэ. Шэрхъым узыхуей, уэкIуну плъыфэр и щIыIукIэ къыщыхэхи, абы и плъыфэгъухэм уриплъэу шэрхъыкумкIэ къакIуэ. Ахэр зы фэилъхьэгъуэм щызэкIунущ, ущыуэнукъым. Шэрхъым ит плъыфэхэм ящыщу зэпэщIэтхэр зокIу. Зэплъыфэгъухэр узэрыхуейуэ зэхуэхь: плIэ, кIэ, пщэдэлъ, IэлъэщI, быж, щыгъэ, тхьэгъу, Iэлъынхэр.

## ПлъыфэзэгъэкIу

Плъыфэхэр зэрызэбгъэкIунур пщIэмэ, зэхэщIыкI зиIэ цIыху уохъу! Ар гурыгъуазэкIэ (*интуицэкIэ*) зыхыумыщIэмэ зыхуэпэкIи пщIэнукъым, уэкIури пхузыхэщIэнукъым. Абы ухуеджэ хъунущ. Адыгэм иIэщ псалъэжь: «Делэ къуэлэн и щIасэщ», – жиIэу. Къуэлэным зыпыIуедз, фIэауанщ, ауэ и адыгэ фащэм плъыфэ куэд хьэлэмэту щызэригъэкIуащ икIи ар дуней псом цIэрыIуэ щищIыфащ. Фащэм Iэзагъэу ирихьэлIам, абы и сэфэтым и закъуэкъым ар зыгъэлъапIэр, атIэ плъыфэзэгъэкIу щIэныгъэри зэрыпкърылъырщ.

## УэкIу плъыфэр къэплъыхъуэнумэ...

Уэ пщIэн хуейщ мы гупиплIым узыщыщыр:

### Гъатхэ

**Уи фэр:** «нэхутхьэху» адыгэм зыхужиIэ фэ хужь щабэщ. Гъуэжьыфэ мащIэу, пэбгым уэгуш тепхъауэ щытынкIэ хъунущ.
**Щхьэцыр:** щхьэцыгъуэщ, цыхущ, дыщафэщ е гъуатIэщ.
**Нэр:** нащхъуэ, нагъуэ, дыщафэ-кхъуэщыныфэ.
**Уи мывэ лъапIэхэр:** дыщэ, жынж, коралл, мэзыш, налкъут щIыху, пыл къупщхьэ.

**УэкIу плъыфэхэр:**



**УэмыкIухэр:**





**ФIыцIэ**
**(чёрный)**



**Морэ,**
**кхъуэщыныфэ**
**(коричневый)**



**Тхьэмбылыфэ**
**(розовый)**



**Балиифэ**
**(вишнёвый)**

*Плъыфэ псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

## Гъэмахуэ

**Уи фэр:** «шэрэ-лъырэ щызэщIэту» хужеIэ адыгэм. Плъыфэ хужь-тхьэмбылыфэ щабэщ, нэкIущхьэплъщ, дыгъэрыжьэ дафэщ.
**Щхьэцыр:** дыжьыныфэ, дафэ, щхъуэ-Iугъуафэ.
**Нэр:** нащхъуэ, къащхъуафэ, щхъуантIафэ, дафэ.
**Мывэхэр:** дыжьын, дыщэ гъуэжь, жынж, налмэс.

**УэкIу плъыфэхэр:**



**УэмыкIухэр:**



## Бжьыхьэ

**Уи фэр:** дыщэ-гъуэплъыфэ, пыл къупщхьэм и фэ, дыгъэрыжьэ-кхъуэщыныфэ, дыщафэ, нэкIум уэгуш хэпхъауэ.
**Щхьэцыр:** плъыжь, цIыплъ, дыщафэ.
**Нэр:** нагъуэ, кхъуэщыныфэ, щхъуантIэ-дыщафэ, нащхъуэ.
**Мывэхэр:** дыщэ, гъуаплъэ, коралл, мэзыш.

**УэкIу плъыфэхэр:**



**УэмыкIухэр:**



## ЩIымахуэ

**Уи фэр:** Къупщхьэ гуащэм хуэдэу фэ пыкIа, щхъуантIафэ къыщыщIыхьэ щыIэу. Дыгъэрыжьэ-ахъуафэ (*оливковый*).
**Щхьэцыр:** фIыцIафэ, вындым хуэдэу фIыцIэ.
**Нэр:** фIыцIэ, къащхъуэ гъэнщIа.
**Мывэхэр:** дыщэ, дыжьын, гуплъ, налкъут удзыфэ, аметист.

**УэкIу плъыфэхэр:**



**УэмыкIухэр:**





***Мывэ лъапIэхэм я псалъалъэ итщ «Нур» № 3, 2017 гъ..***

Зыгъэхьэзырар ***ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ***











# ПЩАЩЭ ІЭПЭІЭСЭ

**Къалмыкъ Лаурэ** Налшык къалэ дэт 4-нэ гимназием 6-нэ "В" классым ехъулІэу, губзыгъэу щоджэ. Ар нэхъ дэзыхьэхыр математикэмрэ литературэмрэщ: бжыгъэхэр фІыуэ елъагъу, тхылъ еджэну фІэфІщ. Лаурэ ІэпэІэсэщ, илъэсих зэрыхъурэ хьэпшып щабэ цІыкІухэр щащІ кружокым хэтщ. ИлъэситІкІэ абы лентІкІэ хидыкІащ, зэхьэзэхуэхэм щытекІуэу, къихьэхуа щыхьэт тхылъхэм ягъэгушхуэу. Ауэрэ пщащэм дэным зрепщытри ари къохъулІэ. ЦІыкІухэ, фи фІэщ хъурэ, Лаурэ езым идыжа щыгъынхэр щыгъыу школым, хьэщІапІэ ирокІуэ. Сыту и насып! ДепсэлъылІати, мыр къытхуиІуэтащ:

«Гъуазджэм сыхыхьэну сохъуапсэ, щыгъынымкІэ дизайнер ІэщІагъэр зэрысысейр зыхызощІэ: сэ содэ, сурэт сощІыф, изотхъэ, фантазие сиІэщ. Ди унагъуэм си закъуэщ а ІэщІагъэм дихьэхыу исыр. Лэжьыгъэ сщІым елъытауэ, зэман сиІэххэмэ, сыхьэтищым нэскІэ сыщыбгъэдэси щыІэщ. Си лэжьыгъэ нэхъ гугъу дыдэр – щыгъэкІэ зэрыхъа церпырщ».

Лаурэ шыпхъу нэхъыщІитІ иІэщ – **Луизэрэ Лизэрэ**. Зэшыпхъуищри зэщхькъым: Луизэ и гур еджэным нэхъ етащ, щІэныгъэм хуоІэ. Лизэ "Амикс" театрым хэтщ, япэ дыдэу ягъэува сабий мюзикл «Бзу анэм и уэрэд» жыхуиІэми зыкъыщигъэлъэгъуащ.

«Нурым» укъыщІытехуэн ехъулІэныгъэхэмкІэ дыпхуохъуахъуэ, Лаурэ. Тхьэм уригъэфІакІуэ!

Зыгъэхьэзырар ***ЕЛЕЙ Мазэгъуэ***

*АБРОКЪУЭ Беллэ*

# Модэр мадэ



**«Модэр» гуащэ?**
**Хьэмэ фащэ?**
**НэгъэгуфIэ?**
**МыщIэ цIу?**
**Хьэмэ модэр**
**Щыгъын Iуащхьэ?**
**Утыкушхуэ?**
**«Хышхуэ куу»?**
**Ар къэкIуэнум**
**Ходжэразэ,**
**Ар блэкIами**
**Хощыпыхь...**
**Дэри дохъури**
**Щхьэуназэ,**
**«Мори моднэ?» –**
**Зыдоплъыхь.**



## Модэр зыдэпсэур дэращ

Дэ сыт зыщIэтхуапэр? ДымыпIыщIэн щхьэкIэ? Хьэуэ, дыдэхэну дыхуейщ, итIанэ... дызыхэт зэманым декIуу зытхуэпэнуи дохъуапсэ. Модэм зыдыдощI.

## Модэм и тхыдэр

ЦIыхумрэ абы и щыгъынымрэ зэныбжьщ — илъэс мин 25-рэ мэхъу! Нэхъапэм цIыхум зыщIихуапэу щытар щIыIэм имысын щхьэкIэт. Ауэ! Абы щыгъын дахэр фIэфIт, псэущхьэхэм я фэхэр нэхъ гурыхьу къыхихырт, къупщхьэ щыгъэхэмкIэ зигъэщIэращIэрт. Шылъэгум (*черепаха*) и къупщхьэ джанэм, махъшэбзу (*страус*) джэдыкIэхэм нэгъунэ пыIэ къахихырт! Дауэ феплъырэ?!

## Дэрбзэр IэщIагъэр къэунэху

XI-нэ лI. ипэкIэ цIыхум я щыгъыныр езым ядыжу къекIуэкIащ. Европэрщ къыщыунэхуар дэрбзэр IэщIагъэр. Пащтыхьхэмрэ абы я блыгущIэтхэмрэ загъэщIэращIэ, щыгъыныфIхэр ирагъэд хъууэ хуожьэ абы хуэIэкIуэлъакIуэхэм.



## Модэр къыщежьар Франджырщ

XVII-нэ лIэщIыгъуэм ар къоунэху. Зыхуэпэнкlэ зэпеуэн щIадзэ хуэкъулейхэм. А зэманым ящыгъа фащэхэр гъэщIэрэщIэlуат, щэкI куэд, лэжьыгъэшхуэ текIуадэрт, зехьэгъуейт. Аращ къыщежьар модэ ХэIэтыкIакIэ зэджэжыр.





## Модэ ХэIэтыкIа

Дэрбзэр цIэрыIуэхэм яда фащэ гъэщIэрэщIахэрщ ар, уеплъмэ – дахэу, щыптIагъэмэ – гугъуу *(франдж.: haute couture – от кутюр).* Ар гъуазджэм и зы къуэпс хъуащ. IэрыщI лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIэу ахэр фащэ зырызщ зэрыхъур, зэщхьу тIу ядкъым.

## Модэ зехьэгъуафIэ

Гъуазджэри хъарзынэщ, ауэ зыгуэр пщыгъын хуейкъэ ущыцIыхукIэ? XX-нэ лIэщIыгъуэм Франджым къагусыс: прет-а-порте – щыптIэгъэну хьэзыр. Абы занщIэу зеужь, нэхъ зехьэгъуафIэу икIи пуду къыщIокIри.



## Нобэ

Зи гугъу тщIа лIэужьыгъуэхэр щыIэщ ноби. ХэIэтыкIам доплъри зехьэгъуафIэр зыдохьэ. Илъэсым къриубыдэу тIэу дунейпсо утыкушхуэхэм щагъэлъагъуэ ахэр: гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ.

## Пщэдей

ЦIыхур псэуху модэри щыIэнущ: къэдгупсысу, дгъэлъагъуэу, дыхудэплъейуэ, зыщыттIагъэу, сурэт тетхыу, зэман зызыхъуэжым зыдэтщIу.



Зыгъэхьэзырар **ІЭЩХЬАФІЭ Фаридэщ**





# ЛЪЭПКЪ ІЭЩІАГЪЭ ДАХЭР ЕХЪУМЭ

***Бахъсэн дэсщ ди тхыдэм фІыуэ щыгъуазэ зы дадэ адыгэпсэ, пасэрей Іэщlагъэхэр къиІэтыжу. Ар Бырхьэм Мухьэмэдщ. Абы бзылъхугъэ фащэм и пыІэр ед, пхъэ вакъэ ещІ. Мухьэмэд и ІэдакъэщІэкІ куэд тыгъэ яхуищІащ «Нурым» къызэригъэпэщ зэхьэзэхуэхэм щытекІуа пщащэхэм. Псапи, гуапи, фІыщІи, щытхъуи зиІэу псэу тхьэмадэфІыр куэдрэ тхуэузыншэну дохъуахъуэ.***

***Нур***

Адыгэ бзылъхугъэ пыІэхэр зыбжанэу зэщхьэщыкІыу тхыдэм дегъэлъагъу. Абы я плъыфэр, я лъагагъыр, я щІыкІэр елъытат зыщыгъым и лІакъуэм, зэрыт ныбжьым. Ахэр къехутэ, ди зэманым къехьыж, пщащэжьейхэр абыхэмкІэ егъэгуфІэ **Мухьэмэд: пыІэу 1900-рэ, пхъэ вакъэу 300 ищІащ. Абы щыщу закъуэтІакъуэщ хищыкІар, адрейхэр игуэшащ.** УсакІуэ **МамыкІэ Къазбэч** къызэригъэпэща усэ зэпеуэм щытекІуа ныбжьыщІэхэм Мухьэмэд яхуэупсащ нэр зыгъэгуфІэ и пыІэхэмкІэ, пхъэ вакъэхэмкІэ, адыгэ ныпхэмкІэ, нэгъуэщІ саугъэт цІыкІуфэкІухэмкІэ.

Хэкурысхэм имызакъуэу адыгэ щыпсэу къэралхэм – Тыркум, Сирием, Йорданым, Америкэм, Канадэм абы и хьэпшыпхэр ялъэІэсащ, зи музейм щІэзылъхьа яхэтщ.

**Бырхьэмым:** «Адыгэ фащэхэм ящІыгъу пыІэхэр зэрадыр гунэс сщыхъуртэкъым. А Іуэхум сэ езыр яужь сихьэну мурад сщІыри… сыдихьэхащ. Иджыблагъэ къэфакІуэхэр зыгъасэ гуэр къызэлъэІуащ и гупым хэтхэм я пыІэхэр яхуэзгъэхьэзырыну. Абы зы Сэтэней цІыкІу яхэтти, и цІэм и фІыщІэкІэ, згъэгуфІэну, пыІэ зыбжанэ хуэсщІыну мурад сщІащ. ІэщІагъэм и щэхухэмкІэ дэрбзэрыфІхэр си чэнджэщэгъущ, **ХьэцІыкІу Мадинэ** куэдкІэ къыздэІэпыкъуащ. Ди тхыдэм, пасэрей цІыхубз пыІэхэм я къекІуэкІыкІам, абы я щІыкІэм хэзыщІыкІ си ныбжьэгъу сурэтыщІхэу **Црым Русланрэ Тхьэзэплъыж Русланрэ** я чэнджэщхэр къысхуэщхьэпащ. Ауэрэ си Іуэху еплъыкІи зэзгъэгъуэтащ. Пасэ зэманым хъыджэбз цІыкІухэр ІэпэІэсэу, щхьэж и пыІэр дамыгъэкІэ, тхыпхъэкІэ игъэдахэу игъэхьэзырыжу къекІуэкІащ. Сэ сыхуейщ нобэ къэхъу ди пщащэхэм а ІэщІагъэр къаІэтыжу ІэпэІэсэ хъужыну».



Мухьэмэд а ІэщІагъэ дахэм дихьэх ныбжьыщІэхэм, бзылъхугъэ ІэпэІэсэхэм и зэманым щымысхьу ядолажьэ.

***ТЕКІУЖЬ Заретэ***

# ЦIЭХЭГЪАПЩКIУЭ ДЖЭГУ

***Нарт эпосым хэт бзылъхугъэхэм я цIэхэр къыхэвгъуатэ***

## ТекIуэм тыгъэ лъысынущ

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А | У | Э | Р | С | Э | Р | Ы | Жь | П | Щ | О |
| Д | З | У | Ф | Н | А | Ху | М | Ы | Д | Э | С |
| А | Ф | Д | Ы | Гу | Л | Ы | П | Хъу | М | Е | В |
| Х | Н | Б | Э | Д | Э | Ху | Н | О | С | П | А |
| Э | Б | Ж | Щ | Р | Х | Т | Э | Д | Э | Ш | Къу |
| Н | Ы | Ф | Хь | У | І | Б | Р | А | Т | А | Э |
| А | Р | Н | Э | М | Э | Л | Ы | Д | Э | Ф | Н |
| Гъу | Ы | Ш | Ц | Щ | Д | Е | Б | Ы | Н | У | А |
| Э | М | К | ФІ | Е | И | С | Г | ХУ | Е | С | Н |
| М | Б | А | Ы | В | И | Т | Е | Т | Й | Р | Э |
| У | Ы | С | ЦІ | Л | Ху | Е | Й | О | Б | К | І |
| Р | Ху | Т | Э | М | Э | Л | Э | Ч | Ы | П | Хъу |

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ нартхэ я чэнджэщэгъу губжьа, гъубжэм хужызыIа: «АдакъэкIэу зызыгъэшу къазшырыдзэу дэбзыкIа».

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ насып палъэ, цIыхухэм я плъапIэ, хъуапсапIэ, псэлъыхъу щхьэхуещэу 99-рэ зыIэщIэкIуадэ.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ IуэрыIуэдз Iущыцэ, дзыкIэ ерыщ, щIагъыбзэкIэ бзаджэ, шыгъум: «IэфIыр зыгъэдыджу дыджыр зыгъэIэфI», – хужызыIа.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ ТIотIэрэш и анэ, Сэтэней и шыпхъу, уд, дыщэ таж зищIрэ нартхэ я тIасхъэр къищIэу.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ Лъэпщ игъэIущу иущиям и нанэ.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ Къанжым мэзым къыщIиш, щхьэгъусэу къишэ, Щауей и анэ.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ зи щхьэцыр фIыцIэ, зи фIыцIэ яIуатэ, дунейр зи нурым дэнэху, нарт зэшиблым я шыпхъу Iэхулъэху.

_ _ _ _ _ _ _ _ шум пащIу пашэ, нартхэ я гуащэ, лIыхъум и анэ.

_ _ _ _ _ _ _ _ _ дзы фIэщынкIэ Iэзэ, зи анэ и цIэр зыфIащыж.

_ _ _ _ _ _ _ _ зи Iэдийр нэху, жэщыр зыгъэмахуэ, махуаер зыгъэуэфI, щIымахуэр езыхужьэ, гъэмахуэу зэзыхъуэкI.

_ _ _ _ _ _ _ тхьэIухуд, псэлъыхъухэр зымыдэ, дыхьэрэныр зи нэкIу, бырынбыхур зи джанэ, данэр зи фэилъхьэгъуэ, дыжьыныгъуэр зи хэдыкIын.

_ _ _ _ _ «махуэм и дыгъэ, жэщым и мазэ», зи дахагъэр нарт Хэкум щыIуа, зи адэ зыгъэзгушхуэ:«Си пхъум хуэфэщэн нарт иджыри къалъхуакъым», – жезыгъэIэ.

_ _ _ _ _ Уэзырмэс кърихъэлу мэзылIым и гъэрыпIэм къикIа, Имыс фызу къиша.

Зыгъэхьэзырар **_КЪАМБОТ Марианнэщ_**

**«Нур» № 2-м тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр.**
*Къехыу:* 1. ШыщIэ. 2. Блащхъуэжьей. 3. Хы. 4. Тажьджэ. 5. Iэдэ. 6. Джэмыдэжь. 7. Пэныкъуэ. 8. Хьэнтхъупс. 11. Пэхужь. 13. Къум.
*ЕкIуэкIыу:* 1. Шыныбэпх. 4. Тэн. 8. Хьэм. 9. Мэлыч. 10. МыIэрысэ. 12. Унэджокъуэ. 14. Батэрэз. 15. Испы.



Ди хадэр мэгъагъэ





Гъатхэ



Хым и псысэхэр

***НЭХУЩ Нателлэ*** и сурэтхэр.
Бахъсэн къ., Сижажэ М. А. и цIэр зезыхьэ
4-нэ еджапIэ, 4 «Д» класс.
***ЕгъэджакIуэр:*** Къэрэшей Сузаннэ.

Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкIуэцIым ихьэ, къызэIуих лэжыгъэхэр гъэзащIэ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 3 2022 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

Главный редактор
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*П. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 04.03. 2022 г.
Выход в свет 29.03. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1450 экз.
Заказ №512
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.